20. Фитрат А. «Узбек классик мусиқаси ва унинг тарихи». «Фан». 1993 й. Fitrat A. "O'zbek klassik musiqasi va uning tarixi". "Fan". 1993 y.
21. H.B. Paksoy (англ.)рус.. Dastan Genre in Central Asia (англ.) // Essays on Central Asia.- 1999.- P. 84.
22. OZAN (англ.) // The Encyclopaedia of Islam / Edited by C.E. Bosworth, E. van Donzel and W.P. Heinrichs.

**REZYUME.** Baxshichilik san'at maktablarining ijrochilik an'analarining rivojlanishi va yoshlarni ma'naviy tarbiyalashdagi o'rni.

**РЕЗЮМЕ.** Современное развитие исполнительских традиций бахши школ искусств и их роль в духовном воспитании молодежи.

**SUMMARY.** Modern development of the performing traditions of bakhshi art schools and their role in the spiritual education of youth.

UDK. 89; 217 (2023)

# N.MUXAMMEDDINOVTÍŃ FORTEPIANO JANRÍNDAǴÍ «QOSÍQ HÁM OYÍN» SHÍǴARMASÍNDA KÓRKEM TALǴAMÍNÍŃ QÁLIPLESIWI

**G.I.Xodjametova** – *tariyx ilimleri kandidatı, professor*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** musiqa, fortepiano, madaniyat, san'at, musiqiy asar, pedagogik nazariyasi, badiiy obraz.

**Ключевые слова:** музыка, фортепиано, культура, искусство, музыкальное произведение, педагогическая теория, художественный образ.

**Key words:** music, piano, culture, art, musical work, pedagogical theory, art image.

Kompozitor Najimaddin Muxammeddinov Qaraqalpaqstan Respublikası mámleketlik gimniniń avtorı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan kórkem óner ǵayratkeri, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan mámleketlik sıylıqlarınıń laureatı. Kompozitor N.Muxammeddinov 1937-jılı Taxtakópir rayonında tuwılǵan. 1971-jılı Almatı mámleketlik konservatoriyasınıń kompozitorlıq fakultetin professor E.Rahmadievtiń klasında pitkergen. 1977-1988-jılları Qaraqalpaqstan Respublikası kompozitorlar awqamınıń basqar-ma baslıǵı, 1986-1999-jılları Qaraqalpaqstan Respublikası mádeniyat isleri ministri, 1999-jıldan baslap Nókis mámleketlik kórkem óner kolledji direktorı, 2005-jıldan berli Qaraqalpaqstan Respublikası kompozitorlar awqamınıń baslıǵı lawazımında jumıs alıp barmaqta.

«Ájiniyaz» hám «Gúlayım» qaraqalpaq operaları, «Ayjamal» birinshi milliy baletiniń avtorı. Sonday-aq, «Qırq qız» 1 aktlı operası, skripka hám orkestr ushın koncert, 1 simfoniya, simfoniyalıq poema «Posqan el», 2 kantata, 2 xoreografiyalıq syuita, kameralıq saz ásbapları shıǵarmaları, «Jaslıq haqqında ballada», «Náreste haqqında ballada», (solist, skripka, violonchel hám fortepiano) kvarteti, 300 den aslam romans hám qosıqlar, «Baxıtlı bolıń balalarım», «Toǵız tońqıldaq hám bir sháńkildek», «Alpamıs» - 3 muzıkalı dramalar jazǵan. [1,90-91]

N.Muxammeddinov fortepianoǵa kishi formadaǵı miniatyuralardı jazadı. Ol prelyudiyalarda hám «Qosıq hám oyın» shıǵarmasında klassik ápiwayı eki hám úsh bólimli formalardan paydalanıp hám ápiwayı garmoniyalıq dúziliste qaraqalpaq melosın joǵaltpaǵan halda kórsetip bilgen. Bul shıǵarmadaǵı namalar qulaqqa jaǵımlı hám yadta qalarlıqtay temalardan dúzilgen.

# QOSÍQ HÁM OYÍN

Andante

N.Muxammeddinov




Kompozitor N.Muxammeddinovtıń «Qosıq hám oyın» [2,78] shıǵarması **h-moll (**si minor) tonlıǵında jazılıp, muzıkasında qaraqalpaq milliy intonaciyaları keń túrde kórsetilgen. Bul shıǵarmada baslanǵısh sesler uyǵınlıǵınıń qapa gúrsiniw xarakteri tásirsheńlik mazmunın tuwrı anıqlaw zárúrli bolıp tabıladı. Ekinshi hám keyingi ırǵaqlarda tolıqlawshı ritmika principine tiykarlanǵan sesler uyǵınlıǵı atqarılıwınıń hawazlılıǵı hám usınıń menen birge melodiyalıq sestiń hawazlı bolıp, ayqın ajıralıp turıwına erisiw kerek. Besinshi hám altınshı ırǵaqlarda, ádette, tákirarlanıwshı seslerdiń baylanıslılıǵı ústinde islewge tuwrı keledi. Legatonıń tolıq bolıwı ushın barmaqlardı kerekli tártipte ózgertiw kerek. Shıǵarmanıń orta bólimine salıstırǵanda quramalı. Ol jaǵdayda ses baǵdarınıń tuwrılıǵına hám birinshi orında tómengi seslerdi uslap turıwǵa itibar beriw kerek.



Usınıń menen birge oqıwshı ushın ritmi de quramalı bolıwı múmkin. Bunda páttiń tezlesiwi hám páseyiwi, hárbir sóz dizbegi ústinde tereń jumıs alıp barıw zárúr. Birinshi bólimde pedaldı birinshi hám ekinshi gáplerdiń aqırında, garmoniyanıń bólek dawısların akkord pútinligine birlestiriwde, sonıń menen birge, reprizanıń juwmaqlawshı akkordlarında isletiw kerek boladı. Usı shıǵarma nama tárepten paydalı esaplanadı. Ol tereń muzıkalıq qayǵı, jarqın sezimi qarama-qarsılıqtı jetkeriwge úyretedi, hawazlı shıǵarmalardı shertiw kónlikpesin tárbiyalaydı. Muzıka shıǵarmaları ústinde islewde basqıshpa-basqısh jumıs alıp barıladı. Bul basqıshlar shártli bolıp, ol hár bir atqarıwshıda hár qıylısha keshedi. Basqıshpa-basqısh islew oqıwshılarǵa shıǵarmanıń muzıkalıq tilin dıqqat penen hám az-azdan úyreniw, jumıstaǵı qıyınshılıqların qunt penen jeńiw hám de kórkem analizin jaratıw imkaniyatın beredi. Bunda pedal, shtrix, applikatura ústinde islew kóbirek itibardı talap etedi. [3,112] Shıǵarmanıń texnikalıq tárepten qıyın jerlerin aldın túsinip alıw hám «ishki esitiw» menen shertip kóriw arqalı birqansha ańsat úyreniw múmkin. Bólekler boyınsha islewde oqıwshılar (shtrixlar, ritmika, applikatura hám taǵı basqalardı) tásirsheńlik quralları hám usılların izlewde mudamı kórkem talǵamnıń eń jaqsı analizin izlew menen qosıp alıp barılmaqta hám shıǵarma mazmunınıń sesler uyǵınlıǵı, túsinikliligi hám de emocional tolıqlıǵı wazıypaları menen belgileniwi kerek.




Shıǵarma bólekler boyınsha úyrenilgennen soń, pútin atqarıwshılıqtı jaratıw, onı sońǵı pátke jetkeriw procesi baslanadı. Haqıyqıy pátke jaqınlasqanda formanı rawajlandırıwdıń hám anıqlaw máseleleri úlken áhmiyetke iye boladı. Ádette oqıwshı qanshelli uqıplı bolsa, onıń shıǵarma úyreniwge bolǵan qızıǵıwshılıǵı da sonshelli bálent boladı. Hátte óz betinshe tárizde de ózine jaqqan shıǵarmanı úyrenip hám yadlap atqarıp júredi. [4,73] Álbette ortasha qábiletli yamasa talpınıwshańlıq dárejesin salıstırǵanda tómenlew oqıwshılarǵa muzıkaǵa bolǵan múnásibetlerin tuwrı tawıp alıwlarına járdem beriw kerek. Járdemniń birneshe jolları bar. Pedagogikalıq ámeliyat kózqarasınan kelip shıǵıp, aldın ala oqıwshınıń qızıǵıwshılıǵın asırıwshı waqıya hám anıq faktlı atqarıwshılıq jetiskenliklerinen atap ótiw kerek. Onıń kewlinde bir qálewshilik payda bolsın. Usınıń menen birge onıń tábiyatına uyqas sharayat jaratıp beriw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Bunda oqıwshınıń muzıkanı qayta-qayta tıńlawı da zárúrli áhmiyetke iye boladı. Oqıwshınıń muzıkalıq shıǵarmalarda hár qıylı artistler orınlanıwın da tıńlawı, onıń atqarıw ushın shıǵarma tańlawın da júdá keń múmkinshilikler jaratıp beredi. Shıǵarmalardı tańlawda uqıptı asırıwǵa qaratılǵan atqarıw texnikasın názerde tutıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Sol tiykarda repertuardıń ráńba-ráńligine itibar qaratıw kerek. Mısalı kishi formadaǵı pyesalardı tańlawda abaylı bolıw kerek. Sebebi olardıń geyparaları hawazlı xarakterde bolıp, kantilena usılında hám usınıń menen birge pedal ústinde islewdi talap etedi. Shıǵarmanı túp xarakterinde atqarıwshılıq

unamlı jetiskenliklerge alıp keledi. Shıǵarmadaǵı fakturanıń tiykarǵı túrleri ústinde úzliksiz jumıs alıp barıwdı baqlaw kerek. Ayırım jaǵdaylarda bolsa, etyud pyesalarǵa itibardı qaratıw jaqsı nátiyjeler beredi. Intonaciya (motiv, fraza, period) ústinde tereń islew. Kompozitor tárepinen kórsetilgen pát, tezlikke jetkeriw. Intonaciya yaǵnıy motiv, fraza, periodlar ústinde islew, kompozitor tárepinen kórsetilgen pátke jetkeriw joqarıda aytıp ótkenimizdey muzıka qandayda bir waqıt aralıǵında atqarılatuǵın kórkem óner ekenligi sebepli oqıwshınıń dıqqatı bólimlerdiń pát hám dinamikalıq tárepten muwapıqlıǵına, eń joqarı belgilerdiń orınlanıwına, pátten awısıwlarına hám aldıńǵı pátke qaytıwlarına, pauzalardıń anıq atqarıwı hám taǵı basqalarǵa qaratılıwı kerek. Oqıwshı shıǵarmanı atqarıwshılıq rejesin ayqın tereń sáwlelendiriwi, onı atqarıwshılıqtıń qandayda ıqsham «kompleksi»ne iye bolıwı, sóz dizbekleriniń, gápler hám bólimlerdiń dúzilisin sanalı túrde seze alıwı, bólek bólimlerdegi, sonıń menen birge, pútkil shıǵarmadaǵı sesler uyǵınlıǵı belgilerin, háwijlerdi ishten esite biliwi kerek. Mine sol proceste oqıwshı óz atqarılıwshılıǵın mudamı esitiwi jáne onı bahalaw qábileti úlken rol oynaydı. Bunda oqıwshı shertiwdi kelistire almay atırǵanlıǵına anıqlama berip qalmay, óz kem-shilikleriniń sebeplerin hám olardı saplastırıw jolların da biliwi zárúrli bolıp tabıladı. Onıń ushın ol muzıkanıń qıyın bólimleri ústinde bólek isley alıwı hám óz aldına mudamı jańa wazıypalardı qoyıp barıwı kerek. Áne nátiyjede geyde ayırım qol menen, geyde ses boyınsha islew, qıyın jerlerin ajıratıw atqarıwshınıń geyde ses tárepine hám geyde ritmikalıq dúzilisine itibar beriw zárúrligi kelip shıǵadı.

## Ádebiyatlar


1. Abdullaeva U., Charshimov Dj. “Qaraqalpaq kompozitorlarınıń fortepiano shıǵarmaları” Qaraqalpaqstan, 2018 j.
2. Abatbaeva R. “Fortepiano” Avangard. Nókis. 2023 j.
3. Azimov X. Fortepiano sabaqlıǵı. - T., “Oqıtıwshı ”, 1997.
4. Djamalova D., Utaeeva N. “Fortepiano álemine dáslepki qádemler”, oqıw qollanba. Ǵ.Ǵulam atındaǵı NMIU, Tashkent, 2016.
5. Kisel E., Natanson B., Nikolaev A., Erejenskaya N. “Школа игры на фортепиано”, “Muzıka”, Moskva, 1975.
6. Nadırova A. “Qaraqalpaq muzıka tariyxı” Nókis, “Qaraqalpaqstan”, 2017.



**REZYUME.** Qoraqalpoq fortepiano ijrochilik madaniyati oʻzining milliy uslubining oʻziga xosligi bilan ajralib turadi. Qoraqalpogʻiston pianinochilari cholgʻuni xalq cholgʻulari ijrochiligi va vokal san’atida shakllangan koʻp asrlik an’analarga muvofiq his etadilar. Bundan Qoraqalpogʻiston kompozitorlari musiqasining improvizatsiya va ornamental uslublardan iborat oʻziga xosligi kelib chiqadi. Uning milliy oʻziga xosligi pianinochiga ruhiy mohiyatni etarli darajada aks ettiruvchi ijrochilik madaniyatini izlashni taqozo etadi.

**РЕЗЮМЕ.** В Каракалпакской фортепианной исполнительской культуре свойственна специфика её национального стиля. Пианисты Каракалпакстана чувствуют инструмент в соответствии с многовековыми традициями, сложившимися в исполнительстве на народных инструментах и вокальном искусстве. Отсюда вытекает и своеобразие музыки композиторов Каракалпакстана, состоящей из импровизационных и орнаментальных приёмов. Её национальная неповторимость диктует пианисту поиски исполнительской культуры, достаточно отражающей ментальную сущность.

**SUMMARY.** The Karakalpak piano performing culture is characterized by the specifics of its national style. The pianists of Karakalpakstan feel the instrument in accordance with the centuries old traditions that have developed in the performance of folk instruments and vocal art. From this follows the originality of the music of the composers of Karakalpakstan, consisting of improvisational and ornamental techniques. Its national originality dictates to the pianist the search for a performing culture that sufficiently reflects the mental essence.